

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kecap sastra téh asalna tina basa Sansekerta, dina asal kecap *cas*, nu hartina méré pituduh, ngajar atawa intruksi. Ahiran *-tra* ilaharna nuduhkeun alat atawa sarana. Ku sabab kitu, sastra téh hartina alat pikeun ngajar, buku pituduh, buku intruksi atawa pangajaran (Koswara, 2005:3).

Nurutkeun Horace dina Rene Wellek jeung Austin Warren (1990:25) sacara umum sastra miboga fungsi *dulce* jeung *utile*, éndah sarta ngabogaan daya guna. Éndah ngabogaan ma'na hiji hal nu ngahibur, teu matak bosen sarta méré kasugemaan. Sedeng ngabogaan daya guna, hartina hiji hal anu ngabogaan mangpaat. Hal nu sarupa ogé ditepikeun ku Wellek jeung Austin Warren (1990:25), anu nétélakeun yén sastra téh *didactic heresy*, sastra ngabogaan fungsi ngahibur sakaligus ngajarkeun hiji hal. Saupama sastra ngabogaan fungsi nu dua éta (*dulce utile* jeung *didactic heresy*), duanana lain ngan saukur kudu nyangkaruk dina karya sastra wungkul, tapi éta fungsi téh kudu silih eusi tur silih deudeul.

Sastra lain hiji hal nu anéh deui pikeun manusa, malah bisa disebutkeun yén antara sastra jeung manusa, aya hubungan kausal di antara duanana. Sastra tumuwuh sarta mekar lantaran éksisténsi manusa jeung sastra ogé bisa mangaruhan kana individu manusa. Ieu asumsi muncul balukar tina kasadaran, yén sastra téh nya éta media subjektif anu nyoba ngangkat pasualan réalitas.

objektif anu aya di masarakat. Alatan kitu, antara sastra jeung masarakat timbul hubungan sabab-akibat.

Wangun karya sastra heubeul nu gelar di tatar Sunda, di antarana wangun carita pantun, puisi, mantra jeung dongéng. Wangun karya sastra heubeul nu mangrupa hasil pangaruh tina sastra Arab mangsa Islam asup ka wewengkon Sunda di antarana pupujian.

Bareng jeung sumebarna agama Islam ka tatar Sunda, bisa dipastikeun ti harita mimiti diadegkeun tajug-tajug atawa masigit. Éta tempat téh penting pisan pikeun ngajalankeun ibadah jeung si'ar Islam. Di mana aya masigit di dinya sok aya ustad, ajengan atawa kiyai nu mingpin, anu dijadikeun kokolot pikeun ngajalankeun ibadah solat jeung ngajarkeun rupa-rupa hal anu aya patalina jeung kahirupan nurutkeun bagbagan agama Islam. Ahirna éta pangajaran téh dilembagakeun, ku jalan diadegkeunana pasantren.

Pupujian mangrupa wangun karya sastra anu ngalaman parobahan fungsi. Pupujian mimitina mah salaku média pikeun nyebarkeun agama Islam jeung média atikan, nu ngandung ajaran agama sarta naséhat nu ditepikeun ku cara dihaleuangkeun. Kiwari pupujian geus jadi karancagéan kasenian nu Islami. Salian ti média atikan, pupujian remen dipaké dina acara-acara kaislaman atawa dihaleuangkeun dina waktu ngadagoan solat fardu di masigit.

Kiwari pupujian mangrupa karya sastra nu kudu dimumulé, sabab mingkin dieu mingkin saeutik jalma nu apal kana pupujian. Salian ti mangrupa karya sastra jeung média atikan, pupujian ogé mangrupa hiji alat pikeun

ngadeukeutkeun diri ka Nu Mahakawasa. Masarakat mikawanoh pupujian salaku hiji seni Islami nu dipaké pikeun kapentingan kaagamaan.

Dina hirup kumbuhna, pupujian mangrupa bagian tina sastra daérah anu kudu dimumulé jeung diacara, sabab éta téh salasahiji warisan titinggal budaya karuhun pikeun ngajembarkeun kabudayaan nasional. Hal ieu saluyu jeung UUD 1945 pasal 32 yén:

“Kebudayaan bangsa ialah kebudayaan yang timbul sebagai buah usaha budi rakyat Indonesia seluruhnya. Kebudayaan lama dan asli, yang terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan bangsa”.

Salian ti éta aya deui Garis-garis Besar Haluan Negara (GBHN) dina ketetapan MPR Nomer IV/MPR/1978 anu nandeskeun yén:

“Kebudayaan Indonesia yang mencerminkan nilai-nilai luhur bangsa yang harus terus dipelihara, dan dikembangkan guna memperkuat penghayatan dan pengamalan Pancasila, meningkatkan kualitas hidup, memperkuat kepribadian bangsa, mempertebal rasa harga diri, dan kebanggaan nasional, memperkokoh jiwa persatuan dan kesatuan bangsa, serta mampu menjadi penggerak bagi perwujudan cita-cita bangsa di masa depan”.

Pupujian kiwari masih kénéh sumebar di masarakat tur dipaké dina kahirupan sapopoé, di antarana nu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta. Pupujian mangrupa karya sastra nu miboga ajén-inajén luhung, ku kituna perlu dimumulé sangkan henteu tumpur. Salasahiji carana nya éta ku ngayakeun kagiatan panalungtikan kana puisi pupujian nu aya di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta.

Luyu jeung pamadegan di luhur, ngayakeun panalungtikan kana puisi pupujian mangrupa tarékah ngamumulé kabudayaan daérah, salasahijina nu dilaksanakeun di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta. Objékna nya éta puisi

heubeul anu mangrupa puisi pupujian, eusina mangrupa pépéling, pangajaran kaagamaan, muji ka Pangéran, solawat ka nabi, du'a atawa ménta sapaat, jeung anu némbongkeun kedaling rasa ka Islaman sarta masih kénéh dihaleuangkeun atawa dinadomkeun di unggal masjid, madrasah, jeung pasantrén. Lian ti éta, acan aya nu nalungtik ngeunaan puisi pupujian di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta. Anapon panalungtikan pupujian nu geus aya di antarana nu dilaksanakeun ku Ahmad Yani taun 1997. Dina panalungtikanna panalungtik ngabandingkeun dua téhnik, nya éta téhnik diskusi jeung téhnik resitasi dina ngajarkeun pupujian di SLTP. Aya ogé MM. Sirojol Munir taun 2008, nalungtik pupujian di Kampung Ciodéng Désa Andir Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung. Dina panalungtikanna panalungtik nganalisis pupujian dumasar kana eusi, purwakanti, jeung analisis klasifikasi.

Aya ogé sababaraha cara pikeun ngamumulé karya sastra, di antarana ku cara macaan karya sastra, ngagunakeun karya sastra jeung ngalarapkeun karya sastra kana kahirupan sapopoé, contona pupujian. Lian ti éta, guru basa Sunda bisa nepikeun pupujian dina pangajaran sastra di sakola, minangka hiji tarékah dina ngawanohkeun karya sastra ka para siswana. Ku ayana pangajaran sastra di sakola, guru bisa méré kasempetan ka para siswa pikeun mibanda pangaweruh jeung rasa cintana kana karya sastra. Aprésiasi miboga mangpaat pikeun ngalatih daya pikir jeung seukeutna rasa para siswa kana perkara ngungkabkeun hiji pamadegan. Ku diayakeunana kagiatan aprésiasi kana karya sastra di sakola, para siswa dipiharep bakal leuwih ngarti tur ngahargaan kana karya sastra.

Pupujian mangrupa hasil karya sastra buhun dina wangun lisan, ku kituna perlu aya tarékah pikeun ngainvéntarisasi éta pupujian tur dijadikeun bahan pangajaran di sakola umum sangkan teu babari leungit. Alesan milih ieu masalah, lantaran ka béh dieunakeun kamampuh para siswa maham karya sastra pupujian beuki nyirorot, sabab kapangaruhan ku kabudayaan modéren anu teu bisa kawatesanan dina kahirupan manusa.

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Adegan Puisi Pupujian di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang, masalah nu ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta struktur pupujian nu kapaluruh sarta aya di wewengkon Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta. Pupujian anu kapanggih dipilah-pilah dumasar kana wangun eusi jeung unsur hartina.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina hiji panalungtikan kacida pentingna, lantaran bakal jadi panungtun léngkah-léngkah saterusna. Ku kituna sangkan masalah dina ieu panalungtikan jéntré, dipérélékeun dina wangun patalékan siga ieu di handap:

- 1) Naon waé puisi pupujian nu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta?

- 2) Kumaha wangun puisi pupujian nu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta?
- 3) Kumaha eusi puisi pupujian nu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta?
- 4) Unsur-unsur harti puisi naon waé nu nyangkaruk dina puisi pupujian nu aya di Désa Cicadas?
- 5) Rarancang bahan pangajaran puisi pupujian nu kumaha, sangkan luyu pikeun dijadikeun pangajaran aprésiasi sastra di SMP ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan puisi pupujian di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta téh nya éta:

- 1) Pikeun miara sangkan tradisi lisan Sunda henteu tumpur;
- 2) Ngungkab deui budaya tradisional masarakat Sunda dina wangun puisi pupujian anu kiwari ampir nyirorot.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang katut masalahna, tujuan husus dina ieu panalungtikan téh ngawengku:

- 1) Ngainvéntarisasi puisi pupujian anu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta;
- 2) Nganalisis wangun puisi pupujian nu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta;

- 3) Ngalalisis eusi nu dikandung ku puisi pupujian nu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta;
- 4) Ngalalisis unsur-unsur harti puisi dina puisi pupujian nu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta;
- 5) Ngararancang bahan pangajaran puisi pupujian nu kapaluruh di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta pikeun pangajaran aprésiasi sastra di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamekarkeun *khazanah* sastra Sunda hususna jeung sastra Nasional umumna, ngeuyeuban bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP jeung ngainventarisasi pupujian nu aya di Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun Siswa

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kana ngaprésiasi puisi pupujian anu mangrupa hasil tina karya sastra heubeul.

2) Pikeun Guru

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa jadi pangdeudeul bahan ajar pikeun guru dina waktu ngajarkeun pangajaran sastra hususna dina perkara ngaprésiasi pupujian di SMP. Jadi, teu salawasna nyokot tina bahan anu geus nyampak dina buku téks, tapi bisa ogé méré conto puisi pupujian tina ieu hasil panalungtikan.

3) Pikeun Panalungtik

Sedeng pikeun panalungtik sorangan, ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa méré pangaweruh keur ka hareupna dina waktu ngajarkeun ka murid.

1.5 Asumsi

Asumsi sok disebut ogé anggapan dasar nya éta bebeneran, tiori, atawa pamadegan anu dijadikeun dasar tatapakan dina hiji panalungtikan (Suyatna 2002:7).

Anu jadi asumsi tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pupujian anu dikumpulkeun ti Désa Cicadas, Kabupatén Purwakarta ieu bisa dianalisis dumasar kana wangun, eusi, jeung unsur-unsur harti puisina;
- 2) Pupujian ngandung ajén-inajén anu luhung ngeunaan tetekon agama Islam;
- 3) Pupujian dijadikeun bahan pangajaran di sakola umum tur mangrupa hiji tarékah dina raraga ngamumulé salasahiji wangun puisi heubeul sangkan teu tumpur;
- 4) Puisi pupujian mangrupa bagian tina bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda nu aya dina *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Tahun 2006*.

1.6 Raraga Nulis

Eusi ieu skripsi téh aya lima Bab. Dina Bab I dipedar kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, asumsi jeung raraga nulis. Dina Bab II dipedar ngeunaan puisi pupujian jeung bahan pangajaran. Dina Bab III dipedar métodologi panalungtikan anu ngawengku populasi jeung sampel, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén, téhnik ngumpulkeun data, analisis data, jeung prosedur panalungtikan. Dina Bab IV dipedar analisis data jeung pedaran. Dina Bab V dipedar kacindekan jeung rékomendasi.